Xibaar ci Angale

U.S. Citizenship and Immigration Services

# XIBAAR YU AM SOLO CI WALLU LIGEEY BU ÑU YOONAL CI BIIR ETAASINI

Mën na ñu laa nangul nga bindu ngir am këyitu sañ-sañu ligeey (Employment Authorization Document, EAD) ngir ligeey ci biir U.S. su fekkee ni:

- Da ñu la bayyi ci lu yaggul ci biir U.S. ci biir yoonu bayyi ngir ñi bayyeekoo Cuba, Haiti, Nicaragua, ak Venezuela (CHNV), wala bi nga jotee ab randewu CBP One App te nga dem ca ab Buntu Duggukaay; wala
- Nga bindu ngir ñaan laqqu ak Formileer I-589, Bindu ngir Ñaan Laqqu ak Dakkal Soriwaay, te sa bindu ngir ñaan laqqu nekk na ci negandiku ci gën kaa yees 150 i fan.

Su fekkee ni da nga jota tambali bindu ak EAD, mën ngaa tambali ci dem ca ***https://myaccount.uscis.gov/users/sign_up*** ngir sakk ab kont u Mëneef u Wëy Gaddaay ak Nekkteef u Ndaw u Reew bu U.S. (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) ci biir internet bi. Boo ca noppee mën nga dem ci ***https://www.uscis.gov/i-765*** ngir dugal ab Formileer I-765, Bindu ngir am ab Kayit u Sañ-Sañ u Ligeey ci biir internet bi. USCIS di na la yonnee sa EAD ci sa adarees u bataaxal u internet bi nga joxe bi ngay bindu ngir EAD su fekkee ni sa Formileer I-765 nangu na ñu ko.

## SAKK AB KONT AK BINDU CI BIIR INTERNET BI

Dugal sa bindu EAD ci biir internet bi daf lay jox ay tektal yu lay dimbali ak ay xint yu bayyeekoo ci USCIS matal sa formileer di jëfëndikoo sistem u bindu bu ci internet bu and ak kaaraange. .Sistem bi nekk ci internet bi da lay dimbali itam nga moytu jummte yu bari, lu ci mel ci bañi bind ci wall yi am solo wala fatte xaatim sa tur te di nga mën dugal nataal u kayit u firndé ak xarala yu yees yii.

Mën nga itam cambar fi say mbir tollu ci internet bi ci ***https://egov.uscis.gov***. Ngir yeneeni leeral, xool al suñu widewooo, "Naka lañuy Sakkee ab Kont USCIS ci Internet bi" ci: ***https://www.uscis.gov/file-online/how-to-create-a-uscis-online-account***.

Su fekkee ni soxla na, mën nga itam dugal kayitu bindu ngir Formileer I-765. Formileer bi jappandal na ci ***https://www. uscis.gov/sites/default/files/document/forms/i-765.pdf.***

## FAY UB BINDU

Su dee ñi nga xam ni da ñoo am Formileer I-589 bu gennagul, doo fay dara ngir dugal sa Formileer I-765 waaye doo mën bindu fii ak 150 i fan ginaaw boo bindoo ngir ñaan laqqu ba noppi.

Su dee ñi ñu bayyi ci biir U.S., war na ñu fay 410 dolaar ngir bindu. Ngir yaatal sa xam-xam ci wall u palteef wala tannteef ngir ñu mën laa jeggal sa fay ub bindu, demal ci:

***https://www.uscis.gov/forms/filing-fees/additional-information-on-filing-a-fee-waiver***.

## SEW-SEW YI CI BINDU BI

Mbir yi ngay soxla joxe ngir firndé ngir sa Formileer I-765 bokk na ci:

- Ab kopi u sa Formileer I-94 bi nga xaatim, sa Kayit u Tukki/Ñibbi (ci kanam ak ci ganaaw), ab kayit u Formileer I-94, ab kopi u sa paaspoor, wala beneen kayit u tukki;
- Ab kopi u sa EAD bi mujj (su dee am nga ko);
- Su fekkee ni mësu loo am ab EAD, ab kopi u kayit u raññekaay u dëkk bi la dëkk bi jox; ak
- Formileer G-28 (su fekkee ni dafa am layalkat bu lay taxawu wala ab taxawukat bu yoon jox sañ-sañ).

Su fekkee ni da nga soxla ab kopi u sa Formileer I-94, demal ci ***https://i94.cbp.dhs.gov/I94/#/recent-search***.

Su fekkee ni da nga bindu ngir am ab EAD, waa USCIS di na ñu la yegal li ñu dogal ci say mbir ci ab bataaxal bi mu lay yonnee.

Su fekkee ni sa bindu nangu na ñu ko, di na ñu la yonnee sa EAD ci ab bataaxal wala di na soxla nga ñëw ba ci biro USCIS bi la gën jege ngir jël ko fa.

Su fekkee ni sa adarees dafa soppiku, da nga ko wara soppi ci kayit gi. Noonu nga wara def itam ci biir sa kontu USCIS ci internet bi su fekkee ni da ngay bindu ci Formileer bi nekk ci internet bi wala nga bindu ak ab Formileer AR-11 Kartu Soppi Adarees u Gan gi. Ngir yeneen leeral ci naka ngay soppee sa adareess ak USCIS, seetal ***https://www.uscis.gov/addresschange***.

Sakk al ab kont

Naka ngay sakkee ab Kont ci Internet bi

Cambar fi sa ay Mbir Tollu

Formileer I-765

Ñjeggal u Fay

Soppi Adarees

Jotaat ci sa Formileer I-94